



# Church of the Brethren

## PLAN ESTRATEJIK KOMITE MISYON AK MINISTE YON ISTWA DE VIZYON

VIZYON KONVENKAN (Pi Lwen ke Orizon Vizyon an)

### JEZI VWAZINAJ LA

Ansanm, kom LEgliz Frè Yo, pasyoneman nou ap viv ak pataje yon transfomasyon radikal enpi lape sen JeziKri nan relasyon ki baze sou angajman vwazinaj. Pou avanse nou pou pi devan, nou pwal developpe yon kilti pou rele ak ekipe disip yo ki inovate, adptab ak entrepid.

ESTRATEJI YO (Kontèks Vizyon an) Gade nan do a pou plis enfomasyon

POUSWIV APÈL KRIS LA POU FÈ DISIP	ANKÒPORE LÒD BIBLIK LA POU RENMEN VWAZEN NOU YO	CHACHE JISTIS RASYAL BONDYE A	REKLAME MODÈL NOUVO TESTAMAN BAY
--	---	--	--

ONE YEAR FOCUS (Midground Vision)

### GRENN SIMEN SOU TÈ FÈTIL

Nan reyinyon Komite Jiyè 2021 an, Komite Misyon ak Ministè enpi anplwaye yo ap pare pou egzekite sou estrateji Plan Estratejik la an patenarya ak gran LEgliz. An konsekan, tout anplwaye, depatman, ak komite konsèy yo pral kapab atikile kijan ministè yo ap sèvi Jezi nan vizyon Vwazinaj nan aliyman ak Plan Estratejik la.

ETAP PWOCHÈN (Vizyon Pou Pi Devan)

ENVITE TRAVAYÈ NAN JADEN REZEN AN: FAVORIZE KOLABORASYON	PWOKLAMASYON ANE FAVÈ SEYÈ A: PRIORIZE KOMINIKASYON	VOYE WÒCH YO JETE LWEN: EVALYE SISTÈM AK PWOSESIS	RECHÈCHE POU LAMP KI PLEN LWIL: ÒGANIZE ESTRIKTI
---	--	---	---

# Yon Rega pi Apwofondi Estrateji Yo

## Vizyon Konvenkan

### JEZI VWAZINAJ LA

**Ansanm, kom LEgliz Frè Yo, pasyoneman nou ap viv ak pataje yon transfòmasyon radikal enpi lape sen JeziKri nan relasyon ki baze sou angajman vwazinaj. Pou avanse nou pou pi devan, nou pwal developpe yon kilti pou rele ak ekipe disip yo ki inovate, adptab ak entrepid.**

## Estrateji yo

### 1. Pouswiv Apèl Kris La Pou Fè Disip

**Nou pral kreye ak soutni yon fondasyon fleksib pou fòmasyon ki ap nourri disip inovate, adaptab ak entrepid ki konplètman pi atikile lafwa yo ak ankòpore transfòmasyon radikal ak lapè sen JeziKri a.**

Kijan estrateji sa sipòte Vizyon Konvenkan an? Fòmasyon fè disip se yon eleman kle nan vizyon vwazinaj Jezi a. Nou reklame sa kòm yon valè Frè Yo men nou pa gen yon fondasyon espesifik ki e kreye pou nou fèl byen. Nou kwè ke fè disip se yon pati kle kisa yon Kretyen ye, men nou lage sa pou kongregasyon oswa endividi yo pou chache konnen kisa sav le di. Vizyon sa mande pou nou developpe metòd ak resous espesifik pou ekipe moun pou vinn disip innovate, adaptab, ak entrepid.

Efezyen 4: 1-16 dekri apèl pou ekipe avèk amou enpi ankouraje disip yo pou pwomote kwasans kò Kris la.

### 2. Ankòpore Lòd Biblik la Pou Renmen Vwazen Nou Yo

**Nou pral kreye ak òganize zouti ak resous ki pral ekipe kongregasyon nou yo ak manm yo pou kiltive abilite pou transfòme mityèlman relasyon avèk vwazen yo nan kontèks espesifik yo ak pi lwen pase.**

Kijan estrateji sa sipòte Vizyon Konvenkan an? Jezi ki nan Vizyon Vwazinaj La fè apèl pou relasyon ki baze sou angajman vwazinaj la, ki ale pi lwen pase onsèl fason, ministè tranzaksyonèl men ki pito kreye plis kominote otonòm. Jeremi 29:4-7 rele nou pou “chache lapè nan vil la,” ki dekri yon anviwònman ki remonte kongregasyon an ak kominote yo kote li egziste, lokalman ak globalman.

### 3. Chache Jistis Rasyal Bondye a

**Nou pwal idantifye ak kritike, konfese ak repanti jan nou panse kòm blan ak rasyalize eryachi ki entegre nan idantite Frè Yo, e nap demantibile barye ak estrikti sa yo ki anpeche nou viv an kominote ak tout nasyon, tout moun, tout lang kap viv ansanm nan prezans Bondye.**

Kijan estrateji sa sipòte Vizyon Konvenkan an? Jezi ki nan Vizyon Vwazinaj La fè apèl pou nou viva k pataje transfòmasyon radikal ak lapè sen JeziKri a, ki dekri pa absans nan konfli, men pito chalòm pwofon nan bon relasyon atravè diferans yo. Nan lespri Galat 3: 26-29, pou fè kò Kris la grandi ak renmen vwazen nou yo, li nesè pou nou kraze baryè rasyal yo ak yerachi ki anpeche nou ankòpore konplètman kominote damou a, pou nou ka gen yon apèsi nan vizyon pwofon Revelasyon 7: 9.

### 4. Reklame Modèl Nouvo Testaman Bay la

**Pou nou angaje nou on fwa nan misyon òganisyonèl ak ministè avèk vwazen nou yo, pou nou transfòme kilti kolektif nou an ak bay pratik ki reflekte distribisyon jis aka k ekitab resous Bondye yo pou eradike bezwen kòm premye legliz la te ankòpore.**

Kijan estrateji sa sipòte Vizyon Konvenkan an? Premye legliz ki dekri nan Travay 4:32-35 se te yon kote komen radikal ak jenerozite. The early church as described in Acts 4:32-35 was a place of radical commonality and generosity. Imaj sa ba nou defi pou nou wè ministè kongregasyon pwofondeman konekte kòm ministè distri yo ak denominasyon an laj. Li rele nou tout – ansanm, kòm LEgliz Frè Yo – pou pataje resous Bondye yo, nan yon efò pou sipòte mityèlman pandan nap chache viv Jezi ki nan vizyon Vwazinaj la.